

GAL

Ki sa Gal yé?

Gal se yon enfestasyon lan po ki koze pa yon parazit kòm sheni. Mikwòb sa-a ki bay Gal lan rete anba premye po moun, e yo pond ze anba po-a tou.

Ki semtòm Gal?

Siy avèk semtòm ki pi komen pou maladi Gal la se Gratèl, espesyalman lan nwit, bouton (vif) tou rouj. Gratèl, ak bouton rouj sa yo ka anvayi tout kò-a ou di mwens rete nan kèk pati nan kò-a. Bouton rouj sa yo ka devlope bousòl ak zanpoud. Lè-w grate bouton sa yo, sa ka vin okazone ke yo fè maleng ki kèlkefwà ka vin enfekte avèk bakteri.

Kombyen tan ke li pran pou semtòm Gal yo parèt ?

Pou moun ki pa janm gen Gal lan tan pase, òdinèman semtòm yo ka pran ant 4 a 6 semèn aprè ou fin gen kontak ak yon moun ki enfeste, 1 a 4 jou pou moun ki te gen Gal déjà. Li enpòtan pou konnen ke yon moun ki enfeste ka simaye Gal pandan tan sa-a, menm si li pa gen okin semtòm.

Ki koté Gal yo parèt ?

Kote ki pi komen pou Gal yo parèt se lan ponyèt, anba bra, koud bra, lan mitan fant dwèt, pwent tete, peni, nan senti, nan po bouda. Pou timoun, bouton yo ka parèt nan tèt, nan kou, nan po men, ou anba plan pye. Fòk ou fè diferans ant pou lan po tèt ak Gal. Zannimo pa ka bay Gal e pa ka transmèt Gal.

Kijan yon moun ka pran Gal ?

Yon moun ka pran Gal lè li gen kontak dirèk po a po ou di mwens lan kontak seksyèl. Konsa tou moun konn pran Gal lè li mete menm rad ak lot moun, sèvi ak menm sèvyèt, ou koushe sou menm kabann men se sèlman si moun ki enfeste fèk fin itilize yon lan bagay sa yo.

Ki es ki gen Gal?

Nenpòt ki moun ka gen Gal. Ou ka jwen Gal tout koté nan le mond, e Gal ka afekte tout kalite ras ak klas sosyal. Gal ga simaye trè vit lan yon kote ki gen anpil moun sou moun. Kote kòm gadri pou gran moun (Nursing home), sant pou swen pwolonje (extended-care facilities), prizon se yon kote ou ka jwen epidemi Gal lan. Answit ou ka jwen Gal enfestasyon nan kote yo fè gadri pou timoun (Child care facilities) tou.

Kombyen tan mit Gal ka viv?

Lè se sou yon moun, mit Gal ka viv ant yon (1) mwa rive sou 2 mwa , lè se pa sou moun mit Gal pa viv plis ke 48 a 72 zèd tan. Mit Gal ap mouri si li fè fas ak yon tanperati 50 degre C (122 F) pandan 10 minit, e li enpòtan pou lave tout rad moun ki enfeste nan dlo ki sho anpil.

Ki jan poum fè konen si mwen gen Gal ?

Se pou al ka Doktè pou ekzamine-ou, li ka pran yon pati nan kote ki enfeste pou voye-l nan laboratwa.

Eske Gal ka trete ?

Wi, Doktè ka ba ou yon krèm espesyal pou disparèt tout Gal yo. Li enpòtan pou pase krèm sa-a sou tout kò-ou pou asire ke pati ki enfeste yo trete. Medikaman kont alèji ou sinizit kòm « Antihistamines », ak Anabolizan « topical corticosteroids » ou lòt krèm gratèl ke ou ka itilize pou trete sentòm ke mit la koze.

Eske prekosyon adisyonèl ta sipoze pran ?

Wi, Gal se yon maladi ki kontajye lè gen kontak kò a kò, se pou tèt sa :

- Tout moun kap viv nan menm kay la, e menaj sipoze trete an menm tan pou evite yon lòt enfestasyon
- Tout dra e rad ki te itilize 3 jou avan yo komanse tretman sipoze pwopete, lave ak dlo sho, e seshe ak gwo shalè
- Ti moun sipoze rete lakay yo , pa bezwen al lekòl jis kaske tretman an fini

Li enpòtan pou nou sonje ke mit pa ka viv plis ke 3 jou si li pa jwen kò yon moun pou li rete.

Pandan kombyen tan yon moun ki enfekte ka pwopaje Gal ?

Gal ka pwopaje depi menm lè yon moun ki enfekte pa yon mit rive jis lè moun nan trete pou Gal. Si ou se yon moun ki fè sèx souvan, li enpòtan pou mennaj ou trete konsa enfestasyon pap soti de yon moun a yon lòt moun. Moun ki gen Gal déjà ka toujou re-enfeste.

Ki koté ké mwen ka al fè yon tès ?

Prèské tout dispansè ou lopital ka fè ekzamen Gal pou ou, ak tout lòt maladi ki transmèt seksyèlman . Pou jwen dispansè ki pi pré bò lakay ou, relé lan nimewo telefòn majistra-a **617-534-5050 ou 1-800-847-0710** ou di mwens al sou sit entènèt sa a

<http://www.hivtest.org/STDTesting.aspx> answit antré kòd postal ou.

Koman mwen ka pwotejé tèt mwen kont Gal ak tout lòt maladi MST ?

Mwayen ki pi garanti pou pwotejé tèt ou a 100% kont gal se pa al lan relasyon seksyèl.

Si ou al lan relasyon seksyèl, men kisa ou ka fè pou diminyé chans trapé gal.

- Toujou itilize kapòt latex ou polyurethane ou di mwens pwoteksyon pou boush, lè wap fè sèx lan dèyè (anis), lan vajen, ou lan boush(oral)
- Kondòm ki fèt ak materyèl natirèl ka anpeshé fanm ansent, men pa ka anpeshé ou trapé MST
- Redwi kantité mounn ké ou gen relasyon seksyèl avèk yo
- Palé ak mennaj ou sou MST e kòman nou ka fè tès pou konnen si nou pa malad
- Pale ak doktè-w sou ki jan pou pwotejé tèt ou lan relasyon seksyèl e kijan pou ou fè tès
- Fòk ou konnen ké lè wap fè sèx pandan ké ou anba dròg, ou di mwens pandan ké ou sou, chans lan ogmanté pou fè sèks san pwoteksyon

Kontakté doktè ou si ou santi yon lan sentòm sa-a yo.